


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 12 (7204) 29 Март Талат 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


# Умумазулаб яхI-намусалде ахIана

(РДялъул БетIер Р. ХI. ГIабдулатIиповас районалда АТКялъул заседание тIобитIана)





**РДялъул БетIерлъун Р. ГIабдулатIипов ккаралдаса цIикIкIараб къуват рехана республикаялдаго экстремизм-терроризм лъугIизабиялде. Гьелде аслияб кIвар кьун букIана 20I5 соналда нилъер районалдаги. Цо анкьгицин инчIо гьениб АТКялъул данделъи инчIеб. Гьедин республикаялдаго рикIкIад хутIулел руго щибал сардал-къоязго рахIму тун гIадамал гъурулел, гьайбатал объектал кьвагьизарулел терактал, хIалихьалъи, къадаралъи, намус-яхI тIагIараб чороклъи.**

25 марталда РДялъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул нухмалъиялда гьоркь районалда тIобитIана Унсоколо районалъул терроризмалде, экстремизмалде дандечIеялъул комиссиялъул данделъи. Данде росана 20I5 соналъул хIасилал, цере лъуна гьаб соналъ гьаризесел хIалтIабазул масъалаби.

Данделъараздехун Дагъистаналъул БетIерас абуна: «Район дагь-дагьккун захIматаб хIалалдаса рукIалиде бачIунеб буго. Цеве дун вачIун вукIаралдаса хадуб гIемераб хиса-баси ккун буго гьаниб. Бан буго гьанжесеб Диализнияб Центр, рагьун буго МФЦ, разе руго цогидалги гIемерал кIвар бугел объектал. Гьабизе буго кинабго ра хьалъ гIадлу-низам, батIияб нух нилъее гьечIо»,-абун.

Гьединго БетIерас бихьизабуна промышленниябгун росдал магIишаталъул цебетIезабиялда хурхун ахирисеб кIиябго соналда жаниб республикаялда планал цIикIкIунги тIуразарун руго. – Гьеб кинабго гьабулеб буго халкъалъул кумекалдалъун ва хадубккунги цадахъ хIалтIизе ахIула киналго. 20I3-20I4 соназул хIалтIул ха йир букIиналъул хIасилазда рекъон Россиялда 56 абилеб бакIалда букIараб республика I7 абилеб бакIалде бачIана, гьелъ гьоркьобе бачуна налогал ракIари ва промышленнияб церетIезариялъул бутIабазда хурхун исполнительнияб властаялъул хIалтIи.

ТIадчIей гьабуна ракьал хIалтIизариялъул рахъалъ ругел гIунгутIабазда. «ГIемераб ракь буго арендаялда, гьеб хIалтIизабиялъул щибго ха йир гьечIо. Лъица гьелда хадуб муниципалитетазда хьаравулъи гьабулеб бугеб? Ракьал хIалтIизариялъе нилъее жакъа хIажалъула хасал механизмаби, гьел гIуцIизе ккола рес публикаялъул Мингосимуществалъ, амма гьезул хIалтIуца жакъа къоялде рази гьарулaро».

Хадуб БетIер вачIана аслияб темаялде - «Нилъ цадахъ церехун рилъине ккола, гурони хIасил ккезе гьечIо. Росдал бетIер лъикьаниги хIинкъулев вугони гьес тIадчилъи тезе кола. ТIад руссине ккола нилъерго сверуде, ишазде, цересел умумазул диналде, гурони цо-цояз инжит гьарулел руго тIадегIанал дагъистаниял.

(Ахир 2 гьумералда)

2016 - МугIрузул сон

## МагIарухъ сахаватаб гIумро букIиналъе

**Араб анкьалда Унсоколо районалда РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана «МугIрузул соналде» хIадурлъиялда хурхараб совещание. Гьеб рагьулаго республикаялъул БетIерас ТIадчIей гьабуна «МугIрузул сонлъун» гьаб сон лъазабиялъ Дагъистаналъул мугIрузулаб территория цебетIезабиялъе кIудияб квербакъи гьабизе бугилан.**



МугIрузул сон нилъеца лъазабулеб буго цIакъго нахъе ккун унеб бугеб мугIрузул ахIвал-хIал рукIалиде бачиналъе,-ян абуна гьес ва тIадчIей гьабуна хадубккун исполнительнияб властаялъ кIвар кьезе кколел рахъазде.

«У, мугIрул рукIинаро базара лъулаб экономика цебетIезабиялъе данде кколеблъун, сундасаго цебе гьеб букIина хIалхьи гьабиялъе ва сахлъи тIад буссинабиялъе рес бугеблъун. Жакъа нилъеца хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго мугIрузул нухазул инфраструктура цебетIезабиялъе. ДагIаб цебегIан асфальт тIуна Курах районалъул нухазда, хIисабалде босун буго ЧIарада районалдаги тIезе, гьединго Гумбет районалъул кьо къачIазе буго. Хадуб хIалтIизе руго ЦIумада, ЦIунтIа, Кули районазда, БежтIа участкаялда. Хайир кьоледухъ пайда босизе ккола дорожнияб фондалъул гIарцудасан. Ни лъерго гIадатияб росдал магIишатти цебетIезабизе ккола.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 12 (7204)*
*29 март 2016 сон*



ООНалъул Генералияб Ассамблеялъул хIукмуялда рекъон щибаб санайилго 11 декабралда кIодо гьабизе буго халкъазда гьоркьосеб МугIрузул къо. 20I6 соналъул халкъазда гьоркьосеб МугIрузул къо кIодо гьабизе буго «МугIрузул регионазул культураялъе, магIнаялъе, гIадатазе къимат кьей цIикIкIинабулаго. Гьединлъидал гIуцIадго гьабизе ккола гьеб къо щибаб районалъ ва тIокIлъи босизе ккола «МугIрузул энциклопедиялде».

# Умумазулаб яхI-намусалде ахIана

## (РДялъул БетIер Р. ХI. ГIабдулатIиповас районалда АТКялъул заседание тIобитIана)

Абуна 70 ялде гIагарун чи Унсоколо районалдаса рагъулел ругин Сириялда,-абун. -Щибаб росулъ къеда ран рукIине ккола гьезул сурат чIварал рогьоялъул хьарщал, «доски позора». Районалъул цIар инабуна имамал Шамилица ва ГъазимухIамадица, амма инжит гьаруна ХIажидадаеваз. Нилъ Россиялъул националияб антитеррористическияб комитеталъ гьабураб кIудияб хIалтIул хIасилалда терроризм экстремизмалдаса бергьана. Гьанже ккезе ккола гьеб.

Жиндирго иргаялда Унсоколо районалъул бетIер П. НурмухIамадовас бицана экстремизмалдагун терроризмалде данде гьабулеб бугеб хIалтIиялъул. – Нилъеда киназдаго лъала дагьал церегIан соназда кигIан санагIат гьечIеб хIалалда нилъер район букIарабали,-ян абуна гьес. ХIаракатаб хIалтIи гьабуна гьеб хисизабиялъе ахирияб заманалда. Дагьалго захIмалъаби хутIун руго, амма нилъеца кирениги кьуричIого цебе бачине буго РДялъул БетIерасул нух. Приоритетниял проектазул цо рахъ буго экстремизм-терроризм лъугIизабиялъул хIалтIи гьабиги. Нилъ къеркьезе руго гIицIго террористалгун гурелги, гьезие кумек гьабуралгунги.

-20I5 соналда тIобитIана АТКялъул I0 заседание, гьелда гьоркьоре рачун рукIана районалъул адаб-хIурмат бугел гIадамал, диниял церехъаби, гIолилал, АТКялъул членал. БитIараб нухде рачана мекъи ккани гIарзабигун рачIарал 54 чи.

КIвар кьезе бокьун буго Балахьуни ихтияр цIунулел органазулги чIахIиязулги букIараб данделъиялде. Гьеб данделъияалдаса хадуб 22 чи вачIана АТКялде тIаса лъутьа,-ян гIарзабигун. – Нижеда кIочон гьечIо гьеб ишалъе гIоло жанир рукIун тIад руссарал гIадамалги. Гьел лъикIаб рахьалде руссинариялъе хIалтIаби гьаризе хIисабалде росун руго.

Хадуб П. НурмухIамадовас РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасе баркала загьир гьабуна районалде кьолеб кIвараялъухъ ва лъазабуна районалдаса экстремизм-терроризм лъугIизегIан хIалтIаби чIезе тезе гьечIилан.

Районалда бугеб оперативиябгун криминалияб ахIвал-хIалалъул бицана районалъул полициялъул отделалъул нач. М. МухIамадовас. Гьес киналго цадахъ рекъон хIалтIизе ккелде кIвар буссинабуна.

БакIалъулал гIолилазул рахьалъ лъикIал рагIаби абуна гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахьалъ РДялъул министр Арсен ХIажиевас. –«Нижеца Дагъистаналда кутаклъизабулеб буго гIолилазда гьоркьоб хIалтIи. Гьеб лъикI гьабулеб буго Унсоколо районалдаги.

Районалда экстремизм-терроризм цебетIеялъе аслияб гIилла буго гIолилазе хIалтIи гьечIолъи, кисакибго бугеб коррупция. Полицияз абулеб буго экстремистазулги террористазулги дин гьечIин ва гьезул 92 проценталъ бихьизабулеб буго гьел щолеб жоялъе гIоло тIаде рахъарал ругин. ИГИЛалдехунги гьез рокьукълъи лъазабулеб буго. ЛъикIго бижун бачIана гIолилазда гьоркьоб властал-дехун божи ахириял саназда. Гьес бихьизабуна ансадерил гIолилаз жигараб бутIа лъолеб бугин республикаялъул программабазул проектал тIуразариялъулъ. Генуб, Балахьуни росабалъ тIобитIараб «За мирный Дагестан»,-абураб проекталда гьез лъикIал хIасилал рихьизаруна ,-ян абуна министрас.




РДялъул намусалъул эркенлъиялъул комитеталъул пред. М. ГIабдурахIмановас тIадчIей гьабуна районалда хIалтIулеб бугин I5 жума ва 20 авалалъул мажгитал, 4 как балеб рукъ, 6 мактаб, буго 2 зиярат. ГьабсагIаталда районалда гIезегIанго гIодобе биччараб хIал буго. Гьединго гьес бихьизабуна Муфтияталъгун цадахъ районалъул киналго мажгитазул имамзабазул аттестация гьабунин.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго Р. ГIабдулатIиповас бихьизабуна гIадамал созидательнияб хIалтIуде рахьинаризе ккелин. Гьелде хьул гьабулеб бугин Россиялъул нухмалъиялъ. –Властална тезе хIажат гьечIо цIогьрал ва бандитал, гьелда хурхун нилъер чIванкъотIараб позиция букIине ккола,-ян бихьизабуна БетIерас.

Бихьулеб букIахъе гьаниб гIемераб хIалтIи гьабулеб буго цебе лъураб суалалда хурхун. Гьелъ лъикIал хIасилалги кьолел руго. Жеги къуват рехизе ккола балагьаб идеологиялъул хутIелал лъугIизариялде. Гьеб буго жакъа нилъер аслияб масъала. ГIадамал, хасго гIолилал куцазе хIажат буго цIар рагIарал церехъабазул мисалалда; имам ГъазимухIамадил, имам Шамилил, М. Дахадаевасул ва ХьахIабросулъа МахIмудил. Нилъее чияраб идеологиялъул асар республикаялдаса лъугIизегIан парахатго чIезе рес гьечIо нилъее. Россиялъул унго-унгоял гIадамаллъун рукIине ахIулел руго нилъ Россиялъул Президент В. В. Путиницаги.

2016 - МугIрузул сон

# МагIарухъ сахаватаб гIумро букIиналъе

- МугIрул ккола нилъер бечелъи. Гьениб росдал магIишат гIуцIичIого кинго рес гьечIо. Хайир кьоледухъ хIалтIизаризе ккола ракьал. Нижеца исана цебе масъала лъун буго мугIрул чIорого хутIичIого рукIине гьениб гIибоцIи лъезе. ЦебетIезабизе ккола гьветI-хер гIезабиги,-ян абуна республикаялъул БетIерас.

Дагъистаналъул БетIерас киналго муниципалитетазул пикро буссинабуна мугIрузда консервазул промышленность, тIабигIиял сурсатал тIатинари цебетIезабиялде, туризмалъулаб бутIаялде кIвар кьеялде.

РДялъул бетIерасул зам. – РДялъул территориалиябгун экономикалъул рахьалъ министр Раюдин Юсуповас бицана 44 проценталде гIагарун ракь кколин мугIрузул. Гьениб гIумро гьабулеб буго 950 азарго чияс. Гьединго гьенир руго 1166 росаби, гьездасан рикIкIада ва захIмалъаби ругел ккола 492. Гьенибехун кьезе ккола нилъеца аслияб кIварги. Лъала гьениб хIалтIи гьабизе захIмат букIин ва хайир дагьаб бугониги, качественнияб букIиналъ продукция букIуна дагьаб. Бутониги гьабсагIаталда гьелдасаги пайда босизе ккола. МугIрузда хIалтIи гьабиялъе гьаб соналда планалде босун буго 2,8 млрд. ва бюджеталъул гуреб I,7 млрд. гьурущ гIарац.

Гьединго тIуразаризе кколел тадбиразул переченалде росун руго мугIрузул территориялда республикаялъул инвестиционниял проектал, пачалихъиялгун ведомственниял программаби ва цогидабги нилъезе,-ян абуна хадубги министрас. Гьединго тIаде жубана 2014-2018 соназда тасдикъ гьабураб «Социалиябгун экономикияб рахьалъ мугIрузул территория цебетIезабиялъе бугеб программаялда рекъон гьаризесел хIалтIабазул», гьеб хIалтIулъ муниципалитетазул роласлъул аслиял рахьал. Бихьизабуна мугIрузда хIалтIи гьабизе байбихьун бугиланги.

«РДялъул приоритетниял проектал церетIезариялъеги гIезегIанго хIалтIи гьабулеб буго республикаялда. Гьенибги цIикIкIараб кIвар кьолеб буго мугIрузде. Микьо рахьазулаб, ай исполнительнияб властаалъулги бакIалъулаб самоуправлениялъулги, территориалиялгун федералияб органазулгун хIалтIи гьабиялъул Соглащениялда рекъон хасго цIикIкIараб кIвар кьолеб буго «Обеление экономики» проект цебетIезабиялде. Гьелъие гьабун буго хасаб планги.



Жиндирго докладалъул ахиралда министрас бихьизабуна: ООНалъул Генералияб Ассамблеялъул хIукмуялда рекъон щибаб санайилго 11 декабралда кIодо гьабизе бугин халкъазда гьоркьосеб МугIрузул къо. 20I6 соналъул халкъазда гьоркьосеб МугIрузул къо кIодо гьабизе буго «МугIрузул регионазул культураялъе, магIнаялъе, гIадатазе къимат кьей цIикIкIинабулаго. Гьединлъидал гIуцIадго гьабизе ккола гьеб къо щибаб районалъ ва тIокIлъи босизе ккола «МугIрузул энциклопедиялде».

РДялъул нухазул магIишаталъул Агенствалъул нухмалъулев Загьид Хучбаровас бихьизабуна мугIрузул территориялда 29 муниципалитет ва 5,4 азарго км. гIагарун нухал ругин, гьездасан I,2 азарго км. бугин асфальт тIаде тIураб, гьеб кколин гIицIго 25%. Гьеб рахьалъ жигараб хIалтIи гьабизе бугин исана,-ян бихьизабуна гьес.

НИИялъул росдал магIишаталъул рахьалъ директор Надир Загировас бицана цIиял ракьал лъалъалел технологиялъул, гьединго кIалъана цо-цо районазул бутIрул. Хадуб хIалтIулъ жигарал Унсоколо районалъул гIадамазе РДялъул БетIерас кьуна шапакъатал.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 12 (7204)*
*29 март 2016 сон*



Республикаялда гьабсагIаталда хIалтIулеб буго 57 МФЦ, гьелъул буго 420 хъулухъ гьабулеб гордо, гьединго подразделениял руго 365. Гьел гIуцIун руго «Мои документы» цогояб фирменнияб стилалда. МФЦ рагьаралдаса хIалтIизе лъун вуго республикаялда 1177 чи, гьезда гьоркьоре уна гIемерал гIажизал гIадамалги.

## Дагъистаналъул БетIер - МФЦялда



Араб анкьалда Дагъистаналъул БетIер щвана Пемеррахъазулаб пачалихъиябгун муниципалиял хъулухъал тIуралеб Централде. Гьениб не, гьезие киналго ишаздалъун кумек гьаби»,-ян абуна БетIерас.

Районалда МФЦ хIалтIизе лъугьана 2015 соналъул 28 декабралдаса нахъе. Цо гордухъан гьениб хъулухъ гьабула 300 ялдаса цIикIкIараб ишалъе, ай 28 федералиябгун республикаялъулал ведомствабазулгун бухьен чIезабула. ГьанжелъизегIан районалда гьабун буго 2300 хъулухъ. Бищунго тIалаб бугеблъун ккола Госреестралъул, кадастровияб палаталъул, миграционнияб службаялъул



буго къабул гьарулеб щуго гордо, хьезабун буго кинабго хIажатабщиналдалъун.; электроннияб очередалъул терминалалдалъун, госхъулухъазе санагIатабщиналдалъун, лъималазе букIоналдалъун. Филиалалда хIалтIулев вуго кинавниги 18 хIалтIухъан, санагIалъаби руго «Доступная среда» пачалихъияб программаялда рекъон гIажизал гIадамазе хъулухъ гьабизеги.

Централде балагьулаго республикаялъул БетIерас хIалтIухъабазул кIвар буссинабуна компьютеразда хIалтIизе лъаялде, гьелъул культураялъул бугеб кIваралде. – МФЦ ккола гьанжесеб учреждение, жакъа нужер масъала ккола цIилъабазул гIадамазда бицихъулухъал.

Районалъул 1000ялдаса тIаде гIумро гьабулезул къадар бахунел чIахIиял росабалъ, масала, Рихьуни, Унсоколо, Майданское, Генуб ва Балахьуни росабалъ хIалтIулел руго МФЦялъул структурниял подразделениял.

Республикаялда гьабсагIаталда хIалтIулеб буго 57 МФЦ, гьелъул буго 420 хъулухъ гьабулеб гордо, гьединго подразделениял руго 365. Гьел гIуцIун руго «Мои документы» цогояб фирменнияб стилалда. Гьеб рагьаралдаса хIалтIизе лъун вуго республикаялда 1177 чи, гьезда гьоркьоре уна гIемерал гIажизал гIадамалги.

## Цадахъаб рейд тIобитIана



Дагъал церегIан къоязда Шамильхъала поселокалда тIобитIана «Унсоколо район» МОялъул, прокуратураялъул, ОМВД ялъул, МРИялъул, районалда бугеб № 10 ФНСНалъул, цIа ккеялдаса цIуниялъул, гьединго Шамильхъала поселока лъул администрация лъул хIалтIухъабиги гIахьаллъараб, гIисибикьинаб предпринимательствалда регистрация гьечIого хIалтIулел ругел тIатинариялъул мурадалда гIуцIараб рейдалъулал хал гьариял. Рейдалъул гIахьалчагIаз хал гьабураб 15 объекталдасан гIицIго ункъгоязул батана регистрация.

Прокуратураялъул хIалтIухъабаз щугоязда тIад гьабуна администрамтивиял делаби, росана гьезухъа объяс-нительниял ва гьел тIад хIалтIи гьабизе судалде ритIизе ругилан лъазабуна.

Районалъул бетIерасул указалда рекъон гьединал хал гьариял тIоритIизе руго графикалда рекъон щибаб росулъги.

## *ХъахIабросулъ - оц баялъул байрам*

Щибаб санайилго гIадин гьаб соналдаги оц баялъул байрам тIобитIана ХъахIабросулъ. Падат хIисабалда оц бай магIарухъ рикIкIуна букIинесеб б а ч I и н а л ъ е кьучI лъейлъун ва хIалтIул сезон байбихьилъун. Гьеб байбихьараб куцалда уна з а х I м а т а л ъ у л лъагIелги,-ян абиги буго. КIудияб кIвар буго гьелъул календарнияб къагIидаялъ ва тIабигIияб рахьалъ кинабго д а н д е к к а р а б букIиналъул. Г ь е д и н а б г о м а г I н а я л ъ у л кIалъай гьабуна тадбир рагьулаго ХъахIабросдал бетIер М. МухIамадовас.



Гьайбатаб праздникалъул хIурматалда росулъ тIоритIана спортивиял къецал. Гьел рукIана тIадагьаб атлетикаялъул, чIорбутIалъ речIчIиялъул ва торгIо хIаялъулги. Спортивиял къецал тIоритIиялъе аслияб гIилла букIана гIолилал захIматалдеги жигараб гIумроялдеги ругьун гьари. Гьелъул аслиял гIуцIарухъаби рукIана районалъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитетлъул гIолохъаби.

Къецазда гIахьаллъана росабазул 9 тIаса бищараб команда. ХIалуцарал рукIана гьезда гьоркьор къецал. Гьезда тIоцебесеб бакI ккуна Балахьуни росдал командаялъ, кIиабилеб бакI щвана ХъахIабросдерие, лъабабилеб бакI бикьана ЦIатIанихъ ва ПашилтIа росабазда гьоркьоб. Бергьаразе кьуна сайгъаталги.

## Началась декларационная компания -2016

С января 2016 года в налоговых органах идет прием налоговых деклараций по налогу на доходы с физических лиц (форма 3-НДФЛ) за 2015 год.
Срок подачи деклараций истекает 30 апреля 2016.
Налоговым кодексом
Российской Федерации обязанность подачи декларации установлена, в частности, для следующих физических лиц:

- индивидуальных предпринимателей;
- частных нотариусов, адвокатов, учредивших адвокатские кабинеты других лиц, занимающихся в установленном действующим законодательством порядке частной практикой;
- лица, получивших доходы от продажи своего имущества (квартиру, комнату, дом, дачу, гараж, земельный участок, транспортные средства и иное имущество) находившегося в собственности менее трех лет;
- лица, с которых налог не был удержан налоговым агентом, в том числе с доходов, полученных от сдачи имущества в аренду;
- лица, получившие доходы от источников за пределами РФ;
- лица, получивших выигрыши в лотерею и в игорных заведениях;
- лица, получивших от физических лиц доходы в порядке дарения в виде недвижимого имущества, транспортных средств, акций, долей и паев (за исключением случаев, дарения данного имущества членами семьи и близкими родственниками);
- лица, получивших доходы в виде вознаграждения, выплачиваемого им как наследником (правопреемникам) авторов произведений науки, литературы, искусства, а также авторов изобретений, полезных моделей и промышленных образцов;

Граждане, не продекларировавшие свои доходы в срок и полностью привлекаются к налоговым санкциям ,а также административной, налоговой и уголовной ответственности.

**М. Курахмаев**
**Начальник ОРНП МРИ ФНС России**
**№ 10 по РД**

Спорт: Спорт:

# Гъудуллъиялъул къецал



Гьал къоязда ГьаракIуни росулъ Муслим ХIажиевичасул цIаралда бугеб спорткомплесалда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ учебно-тренировочниял къецал. ГIуцIарухъанлъун гьеб ишалда цеве вахъана спорткомплексалъул директор, ГьаракIуни росдал гугарухъабазул командаялъул кIудияв тренер ТIагьир Жангишиев. Гьесул хIаракатчилъиялдалъун сборазда гIахьаллъи гьабуна Чачан республикаялъул Р. Кадыровасул цIаралда бугеб гугарухъабазул командаялъ, Казахстан республикаялъул гIолилал-речIчIухъабазул командаялъ, МахIачхъалаялъул дунялалъулго щуцIулго чемпион ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб гIолилал-речIчIухъабазул командаялъ, Гъизилюр шагьаралъул Базаргановасул цIаралда бугеб, тIадегIанаб спортивияб махщалида гIолилал ругьун гьабулеб школалъул командаялъ. Гьединго къецазда гIахьаллъана ГьаракIуни, Шамильхъала поселокалъул, Балахьуни, Майданское, Унсоколо росабазул командабиги.

# Кто и когда должен сдавать налоговую декларацию по форме 3-НДФЛ




Декларация по форме 3-НДФЛ нужна в двух случаях. Первый из них: когда гражданин должен заплатить налог с полученных им доходов самостоятельно, то есть без участия работодателя. При этом отчитываться в такой ситуации по форме 3-НДФЛ обязательно в строго установленные сроки.

И второй случай, когда понадобится заполнить форму 3-НДФЛ: гражданин хочет частично возместить из бюджета сумму уплаченного налога. Например, ту, которая соответствует расходам, потраченным им на обучение, лечение или на покупку собственного жилья. Иначе говоря, если гражданин желает заявить о социальном и имущественном вычетах. Для такой добровольной сдачи конкретных сроков нет.

В любом случае декларацию заполняйте по форме 3-НДФЛ, которая действует в том периоде, за который получен доход или заявлены налоговые вычеты. В частности, отчитываясь за 2015 год, используйте доработанную форму, а за 2014 год – прежнюю форму, которые утверждены приказом ФНС России от 24 декабря 2014 г. № ММВ-7-11/671. А за более ранние периоды берите в соответствии с таблицей.

**Курахмаев М.Д.**
**Начальник ОРНПМРИ ФНС России № 10 по РД**

# 1 апрель-махсарабазул къо

I апрель ккола дунялалдаго цебегосеб махсарабазул праздник. Гьелъ бан батизе бегьула 500 сонцин.

## Россиялда 1 апрель махсародул къолъун гьаби

Россиялда 1 апрелалъул махсараби модаялде рачIинаруна Петр-I. Гьеб букIана тIоцебе XVIII гIасруялъул I апрелалда. Гьеб мехалъ гIадамал ахIана немцазул актерал рачIараб гIажаибаб представлениялде ва представлениялъул заманалда лъазабуна немцазул актер бигьаго шишаялда жаниве лъугьине вугин.

ЗанкIун зал цIураб мехалъ рагьун бачIана занавес ва балагьаразда бихьана чIахIаго хъвараб хъвай-хъвагIай. «1 апрелалъ – лъиданиги божуге!»,-абун хъвараб. Гьенив вукIана Петр-I, гьесул лъиданиги ццим бахъинчIо. Немцазул актерас хIалбихьана шишаялда жаниве лъугьине, гьелъ балагьаразе кепги щвана. Гьедин байбихьана тIоцебе махсародул къо Россиялда.

## Европаялда -1 апрель

Гьеб къоялъ махсаро хIисабалда гIемерго гIакъилал гурел тIадкъаял кьола аскIор ругезе (масала, гьуинаб къанцIа босун вачIине, яги кIкIарадул кьаралъи балагьизе). Гьедин махсараби гьари байбихьана XVI гIасруялдаго. Англиялда I апрель рикIкIуна апрелалъул гIабдалзабазул къо лъун. Франциялда гьелда апрелалъул ччугIби,-абун цIар тун буго. Гьениб кагътил ччугIби гьарун чIвала гьудулзабазул мугъзада ва гьесда тIад ре лъанхъула. Гьединал жал гьарула гьадинго кепалъе. Гьениб 1 апрель рикIкIуна рачIалъул къолъун ва гьеб къоялъул махсараби рухьарал рукIине ккола чиясул черхалъул щуабилеб точкаялда.



Германиялда абуни гьеб къо рикIкIуна талихI къвараб къолъун, щайгурелъул I апрелалда гьавуна Иуда.

## Америкаялда – I апрель

Америкаялда 1 апрелалда бокьула гIиси-бикъинал махсараби гьаризе, рукIуна цо-цо чIахIиялги. Масала, Орегон штаталда радиоялъ лъазабуна дамба би хъун шагьаралде лъим кIанцIулеб бугилан. ГIадамал ургъалилъе ккана, къимат гьабичIо махсародул. Гьединабго къагIидаялда уна I апрель цогидал улкабаздаги.

# *РекIелгъеялъе цIале*

Циркалда гъалбацI квегъулев чи цеве вахъунев вукIун вуго хераб гъалбацIгун. Вихха-хочарав цирка лъул хIалтIухъан кIанцIун вачIун вуго директорасул кабинеталъуве ва абун буго:

-ГъалбацIал квегъулесул таманчаялъуса патронал лъугIана,-ян.

-Щай гьесие патронал, хераб гурищ гъалбацI бугеб,-ян тIаса вихьизавулев вукIун вуго гьев директорас.

-Гьедин гуро иш бугеб. Кьвагьдей тарабго гъалбацI кьижун ккезе хъин буго, гьалмагъ директор,-ян абун буго гьес.

* * *

КъватIисеб улкаялде ун тIад вуссарав росасда лъадиялъ гьикъула:

- Цо нухалъги ракIалде щванищ дуда дун?

-Щвана, амма гьеб дие чIана 20 маркалде.

- Щай?

-Мун ракIалде щведал дица тротуаралде хIацIу туна ва полициялъулас дида гIакIа къотIана

* * *

Футболалъул мачталда:

-Ле вас, киса щвараб дуе гIарац гьадигIанаб хирияб билет босизе?

-Инсуца босана.

-Эмен живго кивха вугев?

-Рокъов билет балагьулев вуго.

* * *

Лъадиялъ росасда абулеб буго:

-Бихьулищ нилъер мадугьалзабаз машина босун буго. Нилъ г1адинищ рукIунел гIадамал!

-Дуда расги ургъел ккоге, хирияй, нилъеца машина босараб мехалъ гьезул машина басрияб магъакь гIадаб жо букIине буго.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор
Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 28.03.16 г. 19.10
фактически -21. 10 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.